



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10 MILYON DOLA EKSPANSYON NATIONAL PURPLE HEART HALL OF HONOR

Ekspansyon Hall of Honor a Genyen Ladann Amelyorasyon Antre a, Egzibisyon ak Aksè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia yon ekspansyon 10 milyon dola National Purple Heart Hall of Honor nan New Windsor pou li montre plis rekonesans ak onore sila yo ki te resevwa Purple Heart, dekorasyon pi ansyen nan Amerik la. Ekspansyon an pral genyen ladann yon nouvo branch ak ekzibisyon entèaktif ak galri, sikilasyon pyeton amelyore atravè Moniman an, espas pou reyinyon piblik, ogmantasyon pwogramasyon, yon antre ki refèt, aksè amelyore, peyizaj natif, paking ki pi aksesib ak plizyè amelyorasyon pasaj pyeton.

“New Yok fyè pou li onore gason ak fanm brav ki te goumen pou pwoteje libète ak valè li yo epi bay plis rekonesans pou sila yo ki te blese nan batay pandan y ap defann eta ak nasyon sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Menm jan nou onore veteran nou yo ak fanmi yo nan Jounen Veteran sa a, amelyorasyon sa yo nan National Purple Heart Hall of Honor pral sèvi pou onore kouraj ak akonplisman tout moun ki te sèvi yo pou toutan.”

Hall of Honor se premye moniman nan nasyon an ki konsakre pou komemore sakrifis yon estimasyon 1.8 milyon moun ki te resevwa distenksyon sa a. Nouvo ekspansyon an pral pèmèt Hall of Honor kolekte, prezève ak pataje plis istwa moun ki te resevwa Purple Heart nan tout branch sèvis ak atravè tout konfli ki te genyen rekonpans lan disponib pou li. Dènye chanjman nan ekspansyon an dwe fini rive ane pwochèn ak konstriksyon yo k ap kòmanse an 2020.

National Purple Heart Hall of Honor twouve li sou menm teren ki te okipe pandan ni dènye mwa Gè Revolisyon Ameriken an ak pita an 1932 nan moman yo te bay premye meday Purple Heart la ak 137 veteran Premye Gè Mondyal yo. Yo bay moun ki mouri oswa blese nan aksyon enmi an Purple Heart.

Komisè Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Ekspansyon National Purple Heart Hall of Honor pral bay pi gwo aksè pou konekte ak onore veteran nou yo pou sèvis konsakre yo ak akonplisman pi ansyen dekorasyon militè peyi a. Ak amelyorasyon sa yo Moniman an pral kontinye sèvi antanke destinasyon remakab pou komemore lavi ak eritaj sèvis manm yo nan tout peyi a”.

Senatè William Larkin, Lyetnan Kolonèl Retrete ki te Sèvi nan Batay Kore, te deklare, “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman enpòtan sa a nan National Purple Heart Hall of Honor. Antanke manm Genesis Group, nou te kòmanse pwosesis etablisman Hall of Honor a la a nan Hudson Valley sa genyen plis pase 20 ane. Misyon nou nan moman sa a se te ofri yon plas rekonfò ak refleksyon pou moun ki resevwa distenksyon Purple Heart Amerik ak fanmi Gold Star yo. Ak nouvo ekspansyon sa a nou pral konstwi fondasyon aktyèl nou an epi kontinye onore nan fason apwopriye veteran sa yo ki te sakrifye tèlman anpil bagay pou peyi nou an, ansanm ak pou fanmi yo”.

An 2016, gras ak don ak don prive, Park Eta yo te rive fè yon amelyorasyon 1.4 milyon dola nan etablisman ki te egziste a ansanm ak Roll of Honor, ki se yon baz done elektwonik kote vizitè yo ka fè rechèch sou moun ki te resevwa Purple Heart. Aktyèlman Roll of Honor genyen moun ki te resevwa rekonpans nan tout senkant eta yo, Washington D.C., Pòtoriko, Gwam, Samoa ak Filipin. Roll of Honor genyen tou non moun ki te resevwa distenksyon an ki te sèvi depi nan Gè Sivil la rive jodia.

Galri ki egziste a kòmanse pa mennen vizitè yo nan yon kalandriye vityèl konfli 20yèm ak 21yèm syèk nan Amerik. Yon ekran taktik entèaktif bay vizitè yo enfòmasyon sou konfli soti nan Gè Sivil la rive nan Operasyon Santinèl Libète (Afganistan) ak Operasyon Rezolisyon Entèn (Irak, Siri). Ekzibisyon entèaktif sa a reprezante ran konfli kote distenksyon Purple Heart la te disponib.

Galri ekzibisyon prensipal la bay vizitè yo yon istwa ki pi pèsònèl Purple Heart gras ak vestij ak nan pwòp pawòl moun ki resevwa distenksyon yo, sa ki gen ladann yon videyo dis-minit ki bay vizitè yo yon fenèt sou eksperyans Purple Heart nèt moun ki te resevwa distenksyon Purple Heart. Yon moun ka gade Roll of Honor a gras ak kyòs kote vizitè yo ka fè rechèch pou yo gade istwa moun anwole ki te resevwa Purple Heart.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)